



# KHUTBAH JUM'AT

Majelis Tabligh PDM Bantul

Edisi : 020/MT PDM Bantul/ 2023

29 Desember 2023 M / 16 Jumadats Tsaniyyah 1445 H

## Mapagi Dinten Mbenjang

### *Khutbah Sepisan*

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي كَانَ بِعِبَادِهِ خَبِيرًا بَصِيرًا. تَبَارَكَ الَّذِي جَعَلَ  
فِي السَّمَاءِ بُرُوجًا وَجَعَلَ فِيهَا سِرَاجًا وَقَمَرًا مُنِيرًا. أَشْهَدُ أَنْ لَا  
إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ  
وَرَسُولُهُ الَّذِي بَعَثَهُ بِالْحَقِّ بَشِيرًا وَنَذِيرًا. وَدَاعِيَا إِلَى الْحَقِّ بِإِذْنِهِ  
وَسِرَاجًا مُنِيرًا. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ  
وَصَحْبِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الْقِيَامَةِ.  
أَمَّا بَعْدُ عِبَادَ اللَّهِ أُوصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ عَزَّ وَجَلَّ  
حَيْثُ قَالَ تَبَارَكَ وَتَعَالَى يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَلْتَنْظُرْ  
نَفْسٌ مَّا قَدَّمَتْ لِغَدٍ ۖ وَاتَّقُوا اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ خَبِيرٌ بِمَا تَعْمَلُونَ

## ***Ma'asyiral Muslimin, Rahimakumullah***

Puji saha syukur ingkang linangkung kathah, inggih kula lan penjenengan sedaya, taksih dipun paringi sih nugraha rahmat kawelasan saking Allah SWT, saged nindakaken pangibadahan dzikir, munajat, shalat saha amal amal kesaenan sanesipun. Kanthi pangajab saha pandonga mugni sedaya amal kesaenan kasebat dipun tampi wonten ngarsanipun Allah SWT.

Shalawat saha salam mugni tansah konjuk wonten panjenenganipun Rasulullah Muhammad SAW, Rasul akhir zaman ingkang dados pandoming kawula dasih, inggih uswah hasanah saha *rahmatan lil-'alamin*.

Saha mboten kesupen mangga jamaah sedaya, tansah mbudidaya amrih mindakipun raos takwa dhumateng Allah SWT. Inggih nglampahi sedaya dhawuh dhawuh-ipun Allah, saha nilar sedaya ingkang dipun awisi. Kanthi takwa tiyang badhe angsal derajat ingkang linangkung luhur saha minulya. Kados ingkang sampun kasebat ing Qs. Al-Hujurat: 13 mekaten

:

إِنَّ أَكْرَمَكُمْ عِنْدَ اللَّهِ أَتْقَاكُمْ

*Jawinipun : "Setuhune wong kang paling mulya saka sira kabeh yoiku wong kang paling takwa marang Allah seko sira kebeh.*

### ***Ma'asyiral Muslimin, Rahimakumullah***

Mboten kraos dinten menika sampun kalebet akhir saking warsa 2023, sekedap malih sampun lumebet ing warsa 2024 masehi. Sedaya sami sadhar bilih gilir gumantosipun wekdal, menika sayektos anggadahi makna bilih jatah umur ing ngalam donya menika ugi sampun suda, ateges ajal ugi sampun parek. Pramila Wonten piwucal kagem sedaya manungsa ingkang Kasebat ing " Qs. Al-Fathir ayat 37 mekaten :

وَهُمْ يَصْطَرِحُونَ فِيهَا رَبَّنَا أَخْرِجْنَا نَعْمَلْ صَالِحًا غَيْرَ الَّذِي كُنَّا نَعْمَلُ أَوْ لَمْ نَعْمَرْكُمْ مَا يَتَذَكَّرُ فِيهِ مَنْ تَذَكَّرَ وَجَاءَكُمْ  
النَّذِيرُ <sup>صلى</sup> فَذُوقُوا فَذُوقُوا فَمَا لِلظَّالِمِينَ مِنْ نَصِيرٍ

*Jawinipun : lan deweke pada mbengok mbengok ing neraka iku : " duh gusti ... mugi paduka ngedalaken kula saking (neraka menika),*

*“estu kula badhe nglampahi amal kesaenan”.  
(ngertiya) apa ingsun ora ndawak-ke umurmu  
ing mangsa kang cukup kanggo mikir ?, lan uga  
(apa ora) tumeka ing sira (Rasul) kang menahi  
pepeling? Mula rasakna (azab ingsun) lan babar  
blas ora ana wong kang menahi pitulungan  
kanggone wong kang tumindak dlolim.*

### ***Ma'asyiral Muslimin, Rahimakumullah***

Agami Islam sampun paring piwucal, bilih prastawa ing mangsa kapengker menika, mugi dados tepa palupi, tumuju dinten ingkang badhe menika linangkung sae. Allah SWT paring pepeling ingkang kasebat ing Qs Al-Hasyr ayat 18 mekaten :

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَلْتَنْظُرْ نَفْسٌ مَّا قَدَّمَتْ لِغَدٍ  
وَاتَّقُوا اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ خَبِيرٌ بِمَا تَعْمَلُونَ ﴿١٨﴾

Jawinipun : *Hai wong wong kang padha iman,  
padha takwa sira ing Allah, lan prayoga saben  
saben pawongan padha ngen ngen apa apa kang  
bakal den lakoni kanggo dina sesok(akhirat); lan  
padha takwa sira marang Allah, setuhune Allah  
iku maha mirsane apa wae kang sira lakoni.*

Miderek piwucal saking Imam Ibnu Katsir ing Tafsir Al-Qur'an Al 'Azhim, bilih ayat ing nginggil menika ngemu suraos mekaten: "*padha mikir-a saka sira kabeh amalan apa kang wus sira siapke kanggo sangu ing akhirat marak sowan ing ngarsane Allah SWT*". ingkang dipun maksud dinten mbenjang inggih menika akhirat, ing ngalam donya menika namung sekedap. Bebasan namung mampir ngombe, pramila ing donya menika minangka sawah ladang kangge nanem amal kesaenan, ingkang hasilipun samangke badhe ngunduh ing akhirat.

### ***Ma'asyiral Muslimin, Rahimakumullah***

Pramila ngengeti gesang ing ngalam donya menika namung sekedhap, kula lan penjenengan dipun dhawuhi supados saged mbagi wekdal kanthi sae, inggih jalaran taqdir saha ajal menika sampun mesthi, lan dinten ingkang badhe menika inggih akhirat, sedaya gumantung lelampahan ingkang sami dipun tindak-aken ing ngalam donya menika. Ing hadits riwayat saking Imam Bukhari Rasulullah SAW ngendika mekaten :

كُنْ فِي الدُّنْيَا كَأَنَّكَ غَرِيبٌ أَوْ عَابِرُ سَبِيلٍ

Jawinipun: “ *dadi-a sira ing donya iki koyo koyo minangka wong kang asing utawa koyo musafir*”

Hadits kasebat paring piwucal, bilih gesang ing ngalam donya menika namung sekedhap, namung sakwentawis, namung kadosdene musafir, namung sekedhap lajeng badhe kondur wangsul. Pramila rikala angsal piwucal menika Abdullah Ibn Umar r.a. lajeng gegancangan matur :

إِذَا أَمْسَيْتَ فَلَا تَنْتَظِرُ الصَّبَاحَ وَإِذَا أَصْبَحْتَ فَلَا تَنْتَظِرُ الْمَسَاءَ وَخُذْ مِنْ صِحَّتِكَ لِمَرَضِكَ وَمِنْ حَيَاتِكَ لِمَوْتِكَ

Jawinipun ; “*yen sira ing wktu sore, aja nunggu tekane esok, lan yen sira ing ektu esok, aja sira nunggu wektune sore. Mula gunakna wektu sehatmu sak durunge ketekan lara lan urip sak durunge mati .*” (HR. Bukhari)

Mila estu linangkung sae menawi kula lan penjenengan lajeng gegancangan ing nglampahi kesaenan, sampun ngantos dipun rendhe

rendhe, jalaran dereng kantenan menawi kulan penjenengan menika mbenjang taksih gesang utawi kagungan wekdal ingkang sami kangge nindak-aken

### ***Ma'asyiral Muslimin, Rahimakumullah ..***

Ing mbok bilih kathah tiyang ingkang sami kesupe ing panggesangan akhirat. Kathah ingkang namung ketungkul pados kadonyan. Kepara ugi sami kesupen ing syariat utawi dhawuh agami kadosto shalat, zakat, siyam, lan sak panunggalipun. Sampun ngantos namung mligi pados kadonyan, ngantos kesupan kalian perkawis akhirat sak mangke. Allah sampun paring pepenget ing surat Al-Qashash ayat 77 mekaten :

وَأَتَّبِعْ فِي مَآءَاتِكَ اللَّهُ الدَّارَ الْآخِرَةَ وَلَا تَنْسَ نَصِيبَكَ مِنَ الدُّنْيَا وَأَحْسِنْ كَمَا أَحْسَنَ اللَّهُ إِلَيْكَ وَلَا تَبْغِ الْفُسَادَ فِي الْأَرْضِ إِنَّ اللَّهَ لَا يُحِبُّ الْمُفْسِدِينَ

*Jawinipun : lan padha golekono kanugrahan saka ngarsane Allah kanggo (kamulyan) urip ing akhirat, lan aja pisan pisan sira lali marang bagianmu (ing kenikmatan) donya lan padha*

*gawe amal becik kanggo sira lan aja pisan pisan gawe rusak ing lumahing bumi. Temen Allah ora demen marang wong kang gawe rusak.*

Piwucal luhur ingkang saged dipun pendhet inggih menika bilih akhirat menika minangka ancas tujuan gesang. pramila menawi ing ngalam donya pikantuk sih nugraha rahmat rizki ingkang linangkung kathah, sedaya kala wau kedah dipun cepengi kanthi estu estu minangka sangu kangge marak sowan wonten ngarsa dalem Allah SWT. Nabi Muhammad SAW sampun ngendika :

مَنْ كَانَتْ الْآخِرَةُ هَمَّهُ جَعَلَ اللَّهُ غِنَاهُ فِي قَلْبِهِ وَجَمَعَ لَهُ شَمْلَهُ  
وَأَتَتْهُ الدُّنْيَا وَهِيَ رَاغِمَةٌ وَمَنْ كَانَتْ الدُّنْيَا هَمَّهُ جَعَلَ اللَّهُ فَقْرَهُ  
بَيْنَ عَيْنَيْهِ وَفَرَّقَ عَلَيْهِ شَمْلَهُ وَلَمْ يَأْتِهِ مِنَ الدُّنْيَا إِلَّا مَا قُدِّرَ لَهُ

*Jawinipun : “ sak sapa wae kang niat kanggo mekoleh akhirat, mula Allah bakal maringi kecukupan ing atine, piyambak-e bakal ngumpulake pepenginan kang sumebar, donyane kecandak lan kepilut dewek-e. Sak sapa wae kang niat kanggo mekoleh donya thok, mula Allah bakal ndadek-ake ing wong iku ora tau ngrasa*



*cukup, bakal den gawe grangsang ing kabeh pepenginan kadonyan, lan mekolah kadonyan hiya mung kang wes den tetapake kanggo deweke.*" (HR. Tirmidzi)

### ***Ma'asyiral Muslimin, Rahimakumullah ..***

Agami Islam ugi paring piwucal awit wigatosipun wekdal, sak temah kathah surat saha ayat ing sak lebeting Al Quran, dipun awali kanthi isyarat wigatosipun wekdal, supados sedaya manungsa tansah eling lan waspada. Kados ing awal surat mekaten: "*wal 'ashr, wadh-dhuha, wal-fajr, wal laili*" lan sak pinunggalipun. Sampun ngantos kula lan penjenengan sedaya kapitunan jalaran perkawis mbucal wekdal kanthi muspra. Wekdal kedah dados sarana kangge sukses lan kangge ngamal sholih, damel "prestasi", ing madyaning ngalam donya saha akhirat.

Ing akhiripun, mangga kula lan penjenengan tansah gemeni wekdal ingkang winates menika kanthi iman, ilmu saha amal, sak temah rikala marak sowan wonten pangayunan Allah SWT, kanthi mbekto sangu ingkang kathah. Mangga

tansah nyeyuwun dhumateng Allah SWT, mugi mugi kula lan penjenengan sedaya tansah angsal pangayoman saha kawilujengan gesang, saha kelebet ewonipun tiyang ingkang takwa, Aamiin.

أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ لِي وَلَكُمْ، فَاسْتَغْفِرُوهُ، إِنَّهُ هُوَ  
الْغَفُورُ الرَّحِيمُ.

### **Khutbah Kaping kalih**

الْحَمْدُ لِلَّهِ حَمْدًا كَثِيرًا كَمَا أَمَرَ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ  
لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ  
عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ  
الْقِيَامَةِ. أَمَّا بَعْدُ؛ عِبَادَ اللَّهِ، أُوصِيكُمْ وَإِيَّايَ بِتَقْوَى اللَّهِ،  
فَاتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ  
إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا  
صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ  
مُحَمَّدٍ كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيمَ. وَبَارِكْ عَلَى  
مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ كَمَا بَارَكْتَ عَلَى إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيمَ،  
إِنَّكَ حَمِيدٌ مُجِيدٌ. اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ

وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ إِنَّكَ سَمِيعٌ  
قَرِيبٌ مُجِيبُ الدَّعَوَاتِ.

اللَّهُمَّ أَصْلِحْ لَنَا دِينَنَا الَّذِي هُوَ عِصْمَةٌ أَمْرِنَا وَأَصْلِحْ لَنَا دُنْيَا  
نَا الَّتِي فِيهَا مَعَاشِنَا وَأَصْلِحْ لَنَا آخِرَتَنَا الَّتِي إِلَيْهَا مَعَادِنَا  
وَاجْعَلْ الْحَيَاةَ زِيَادَةً لَنَا فِي كُلِّ خَيْرٍ وَاجْعَلْ الْمَوْتَ رَاحَةً لَنَا  
مِنْ كُلِّ شَرٍّ. اللَّهُمَّ أَعِزِّ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ، وَأَلْفَ بَيْنَ  
قُلُوبِهِمْ وَأَصْلِحْ ذَاتَ بَيْنِهِمْ وَأَنْصُرْهُمْ عَلَى عَدُوِّكَ وَعَدُوِّهِمْ.  
رَبَّنَا هَبْ لَنَا مِنْ أَزْوَاجِنَا وَذُرِّيَّاتِنَا قُرَّةَ أَعْيُنٍ وَاجْعَلْنَا لِلْمُتَّقِينَ  
إِمَامًا. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ  
النَّارِ. وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ

Oleh : Ustadz Joko Winarno, S.Kom

Group WhatsApp : <https://chat.whatsapp.com/K870K3zWvVvLxtl17UW60E>